

Lis Verifikasyon pou Fè Enspeksyon Poukont Ou Chak Jou pou Pwogram Gadri pou Timoun nan Anviwònman Eskolè

Itilize lis verifikasyon sa pou w asire w pwogram gadri a konfòm ak Atik 43 Kòd Sante Vil New York la. Chak jou revize kesyon ki nan lis verifikasyon an pou asire w ou ka reponn wi (**W**) pou tout. Si ou reponn non (**N**) pou nenpòt kesyon, konsilte kòd sante a pou ka rezoud pwoblèm konfòmite a. Lis verifikasyon sa kouvri yon pakèt, men pa tout, egzijans pwogram pou gadri timoun nan anviwònman eskolè. Pou ka gen yon eksplikasyon konplè sou tout demann ki nan Atik 43, ale sou nyc.gov/health/healthcode.

	W/N		W/N	
Rekritman ak Siveyans Timoun		Èske estaf ki sou plas la gen otorizasyon yo mande a ki ajou nan zafè jistis penal ak abi sou timoun? §43.13(c)		
		Èske pwogram ou gen rasyo kantite estaf ki nesèsè pou kantite timoun nan? §43.09(a), §43.09(b)		
		Èske estaf ki kalifye a toujou ka wè tout timoun yo san pa gen anyen ki bare yo? §43.09(a), §43.09(b)		
		Èske pwogram ou a gen yon moun nan estaf ki prezan ki sètifye nan CPR ak nan premye swen, ak omwen yon moun nan estaf la ki prezan ki pran fòmasyon pou bay medikaman an ijans? §43.07(b)(4)		
Sekirite ak Sante		Èske ou gen yon plan sekirite ekri konplè souplas? §43.07(a)		
		Èske ou gen ak ou, dosye medikal ki obligatwa, tankou dosye vaksinasyon ak dokiman sou egzamen medikal pou tout timoun ki ap pran swen nan men w? §43.17(d)		
		Èske ou pran prezans chak jou tout timoun ki ap pran swen nan men w yo? §43.19(a)		
		Èske ou verifye sante tout timoun ki ap pran swen nan men w yo? §43.19(b)		
		Èske ou gen yon espas rezève pou mete timoun ki malad yo? §43.07(b)(4)		
		Èske ou ekri yon plan pou kouri soti nan ka ijans, ak enfòmasyon kontak ijan ak jeneral nan espas la? §43.07(b)(8)		
Sekirite ak Sante		Èske ou gen omwen de (2) epinefrin ki ka enjekte poukont yo ak yon zegui ki kapab soti nan espas la ki estoke kote timoun p ap ka jwenn epi ki pa ekspire? §43.21(c)(1)		
		Èske ou gen yon kit premye swen ki konplè ki aksesib men ki pa kote timoun yo kapab jwenn? §43.21(d)		
		Èske ou gen dosye maladi, aksidan, ak epinefrin ki te bay yo ak blesi yo nan yon fòm Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la apwouve? §43.21(e)		
	Pratik Ijyèn		Èske estaf la ak timoun ki nan gadri w la lave men yo byen lè yo sot nan twalèt, chanje daypè, apre yo te nan kontak ak yon timoun ki malad, apre fin jwe deyò a ak avan mete men nan manje? §43.20(a)	
			Èske yo mete afich ki gen siy pou lave men nan chak twalèt ak nan chak lavabo/evye nan zòn sèvis gadri timoun nan? §43.20(b)	
Antretyen		Èske ou entèdi yo fimen sigarèt oswa lòt sibstans nan tout zòn sèvis gadri timoun nan, ni anndan ak deyò? §43.20(g)		
		Èske tout anndan ak deyò a pwòp epi byen repare? §43.01(g)(16)		
		Èske tout mèb yo pwòp, repare ak sekirize oswa byen ankre pou ka evite yo tonbe? §43.23(c)		
		Èske pa gen anyen ki bloke koulwa, eskalye ak soti yo? §43.01(g)(7)		

	W/N		W/N
Antretyen		Èske tout fenèt, sof fenèt sekou pou si dife ta pran yo gen pwoteksyon ki fèt pou yo ladan yo? §43.24(b)	
		Èske yo byen trete ekipman pou jwe deyò epi li pa yon danje? §43.01(g)(16)	
		Èske radyatè yo gen pwoteksyon ki fèt pou yo? §43.22(d)	
		Èske pwodui netwayaj yo tankou savon/fab ak kloroks, estoke yon kote timoun pa kapab jwenn? §43.01(g)(8)	
Sekirite pou Dife		Èske tout pòt soti yo gen afich ki gen siy soti an ki klè ak vizib? §43.22(a)	
		Èske ou gen aparèy pou etenn dife ki fonksyone, ki pa ekspire epi ki sipèvize? §43.22(b)	
Sekirite pou Dife		Èske Etablisman ak lakou a pa ekspoze ak kouran, pwodui chimik, mekanik ak lòt danje? §43.22(e)	
		Èske ou gen aparèy pou detekte monoksid kabòn ak lafimen ak alam ki sonnen byen fò? §43.22(f)	
	Sekirite Alimantè	Èske tout manje yo sèvi yo prepare epi konsève an sekirite (dapre Atik 81 nan Kòd Sante a)? §43.01(g)(11)	
		Èske yo konsève lèt la jiska 41 degre Fahrenheit epi yo itilize yo avan dat ekspirasyon? §81.09(a)	
		Èske manje kri yo estoke kote ki p ap gen ti bèt ak wonjè? §81.24(a)	
		Èske yo netwaye ak dezenfekte oswa jete istansil, asyèt ak lòt materyèl ki itilize pou fè manje yo? §81.29	

